**Әжинияз атындағы НМПИ 2022-жыл ушын 19.00.06 – Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы қәнигелиги бойынша стажёр-изленийўшиликке қабыллаў комиссиясы мәжилисиниң № 1 ПРОТОКОЛЫ**

**Нөкис қаласы.** 12-ноябрь 2021 жыл

***Қатнасқанлар***: *НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов, комиссия баслығы, пс.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент Э.Нурымбетова,* комиссия ағзасы, *п.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент А.Даўкеева ҳәм талабан З.Хайтбаева.*

**Кун тәртибинде:**

1. Нокис мәмлекетлик педагогика институтына 2022-жылы ушын 19.00.06 – Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы қәнигелиги бойынша стажёр-изленийўшиликке өз хужжетлерин тапсырған талабан З.Хайтбаеваны стажёр-изленийўшиликке қабыллаў.

Билдириў: НМПИ Илимий-изертлеўлер, инновациялар ҳәм илимий педагог кадрлар таярлаў бөлими баслығы: А.Алламуратов 2022-жылы ушын 19.00.06 – Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы қәнигелиги бойынша стажёр-изленийўшиликке ҳужжетлерин тапсырған талабан З.Хайтбаева менен «Сәўбет» тийкарында таңлаў өткерилиўи атап өтилди. Бул бойынша таңлаўға бекитилген комиссия ағзаларынан: комиссия баслығы, пс.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент Э.Нурымбетова, таңлаўда З.Хайтбаева қатнасып атырғанлығын мәлим етти. Комиссия ағзаларына доретиўшилик қабилийетине ийе, илимли ҳәм ылайықлы талабанды таңлап алатуғынлығына исеним билдирди.

Шығып сөйледи: Комиссия баслығы, п.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент Э.Нурымбетова, таңлаўға қатнасып атырған талабанларға сәўбетлесиў қағыйдалары ҳәм тәртиплери ҳаққында мағлыўмат берди ҳәм әўметлер тиледи. Соңынан Э.Нурымбетова «Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы» бойынша актуал есапланатуғын томендеги тематикалық мәселелер ҳәм дөретиўшилик ислери бойынша сәўбетлесиўди усыныс етти.

1. Стажер-изленийўшиликке тапсырған мақсетиңиз, сондай ақ ис режеңиз?

2. Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы бойынша жәҳән психологиясындағы класик алымлардың теориялары ҳаққында қандай мағлыўматқа ийесиз?

3.Илимий темаңыз бойынша қандай теориялық жумыслар алып барылған ҳәм қайсы алымлардың теорияларына тийкарланасыз ?

4. Өзлери таңлаған илимий жумысы темасының актуаллығы, машқалалары ҳәм илимдеги әҳмийети?

5. Илимий темасы бойынша пәнге киргизетуғын жаналықлары?

Талабанларға таярланыў ушын 20 минут ўақыт берилди. Соңынан комиссия баслығы, пс.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент Э.Нурымбетова, комиссия ағзасы, пс.п.ф.д.(PhD) ў.ў.а доцент А.Даўкеева тәрепинен талабан менен жеке таризде сәўбетлесиў алып барылды ҳәм қосымша саўаллар берилди ҳәм жуўаплар алынды. Буннан соң комиссия қурамы өзлериниң жуўмақлаўшы пикирлерин бирдирди.

Күн тәртибиндеги мәселе бойынша билдириў ҳәм шығып сөйлеўлерден соң комиссия қурамы

**Қарар етеди:**

1. Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты стажёр-излениўшиликке 2022-жылы ушын қанигелиги бойынша өз ҳүжжетлерин тапсырған талабан сәўбетлесиў барысында өзиниң теориялық билиминиң улыўма жетерли емеслигин ҳәм илимий жумысының мазмуны бойынша ҳәзирше терең мағлыўматқа ийе емеслигин көрсеткенлиги атап өтилсин;
2. НМПИ Илимий бөлимнен талабан сәўбетлесиўди өткерген комиссия қурамы тәрепинен талабан З.Хайтбаеваның 19.00.06 – Жас ҳәм педагогикалық психология. Раўажланыў психологиясы қәнигелиги бойынша стажёр-излениўшиликке усынысы бийкар етилсин;
3. НМПИ Илимий бөлиминен бул усыныстың орынланыўы бойынша қарар қабыл етиўи соралсын.

**Комиссия баслығы:** **пс.п.ф.д(PhD), доцент ў.ў.а Э.Нурымбетова**

**Хаткер:** **п.п.ф.д(PhD), доцент ў.ў.а А. Даўкеева**

KADRLAR BÓLIMI
XODIMLAR BO'LIMI